

**(Lyen ak Lakay) Inite 5: Lonbraj ak Reflè: Semèn 2**

Chè Fanmi: Nan inite sa a pitit ou pral aprann sou lonbraj ak reflè. Eseye omwen twa nan aktivite amizan sa yo, oswa fè tout! Sa ki pi enpòtan an se jwi tan an avèk pitit ou pandan n ap aprann konnen ki sa k ap fèt nan sal klas la. Tanpri, kolorye kare aktivite sila yo nou chwazi yo epi remèt fòm sa a bay lekòl la lendi pwochen. **AMIZE N!**

Non timoun nan: _____

<p style="text-align: center;"><u>Langaj</u></p> <p>Imite Mwen: (Anrapò ak <i>Play with Me</i> ak <i>Raccoon on His Own</i> ak <i>Kitten's First Full Moon</i>)</p> <p>Ou menm ak pitit ou, gade reflè nou ansanm nan yon glas epi remake ki jan reflè nou fè mouvman parapò ak kò nou. Kanpe youn anfas lòt. Fè mouvman dousman avèk kò pa ou epi ankouraje pitit ou an charye w, oswa "sèvi kòm glas ou," anfas mouvman w yo epi chanje wòl nou youn ak lòt.</p> <p>Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Ki sa w remake? ● Ki sa ki ta rive si nou ta bouje rapid? ● Se ki jan l menm bagay la oswa diferan ak si nou ta bouje dousman? <p>Kèk Mo Nou Kapab Itilize Nan Konvèsasyon An: <i>imite, glas, refile, reflè, imaj</i></p>	<p style="text-align: center;"><u>Alfabetizasyon</u></p> <p>Resite Ansanm: Sa a se yon powèm pitit ou an te aprann lekòl la.</p> <p style="text-align: center;">The Little Turtle</p> <p>There was a little turtle. He lived in a box. He swam in a puddle. He climbed on the rocks. He snapped at a mosquito. He snapped at a flea. He snapped at a minnow. And he snapped at me. He caught the mosquito. He caught the flea. He caught the minnow. But he didn't catch me.</p>
<p style="text-align: center;"><u>Pale epi Li</u> (20 minit)</p> <p>Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Ki pati w pi renmen nan istwa a? ● Ki premye bagay ki pase nan istwa a? ● Ki sa w panse ki ka rive aprè? 	<p style="text-align: center;"><u>Matematik</u></p> <p>Konpare Kapasite: Reyini kèk resipyan plizyè kalite gwosè ak fòm tankou gode, bòl, resipyan stokaj (pou depo), ak boutèy dlo. Mete yon po oswa yon gwo bòl dlo deyò oswa sou yon sifas nou kapab mouye. Envite pitit ou an pou l eksplòre resipyan yo, pandan l ap vide dlo sot nan youn al nan yon lòt pou l kapab konpare kapasite yo.</p> <p>Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Ki veso ki kenbe pi plis/pi piti kantite dlo? Pou ki sa w panse sa? ● Konbyen _____ li mande pou ranpli _____?

Dekouvèt

Lachas Dèyè Reflè: (Anrapò ak *Play with Me*, *Raccoon on His Own*, ak *Kitten's First Full Moon*)

Di pitit ou an nou pral fè lachas dèyè reflè (swa deyò oubyen andedan kay nou). Pran foto ak telefòn nou tank n ap jwenn kèk objè reflechisan.

Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon:

- Ki sa ki kreye reflè sa a?
- Ki kote nou te jwenn plis reflè?

Pami mo nou kapab itilize nan konvèsasyon an: *reflè, pa reflechisan, klere, pa klere, sifas (po), imaj*

Rejis Lekti Yo

Make chak jou ou menm ak pitit ou li yon istwa ansanm. Liv yo kapab ann anglè oswa nan lang natif-natal nou. Vizite bibliyotèk piblik ou a pou gwo liv sou lonbraj ak refleksyon.

Lendi ____ Madi ____ Mèkredi ____ Jedi ____ Vandredi ____ Samdi ____ Dimanch ____

Liv n ape li lekòl la:

Kitten's First Full Moon ekriven: Kevin Henkes

Lòt liv ou menm ak pitit ou an kapab jwi ansanm:

Shadows and Reflections ekriven: Tana Hobin

Kèk Konsèy Pou lè n Ap li Ansanm:

- Chita ansanm nan yon plas trankil epitou ki konfòtab.
- Pandan n ap li, souliye epi defini kèk nouvo vokabilè. Pa egzanp, “**Sprang** vle di li te vanse devan byen rapid.”
- Pandanke n ap li, poze pitit ou kesyon ki gen pou wè ak liv la. Pa egzanp, “Ki sa ki te rive lòske l te manyen reflè a?”